

## Kesyon sou Imigran ak benefis piblik

*Nan dokiman sa a, w ap jwenn respons pou kesyon yo abitye poze sou imigran ak benefis piblik. Tanpri pa konsidere enfòmasyon ki nan dokiman sa a kòm konsèy legal. Yo te modifye dokiman sa a 9 me 2006.*

**Ki sa chay piblik vle di?** Yon moun ki se yon chak piblik se yon moun ki depann prèske nèt sou gouvènman an oubyen ki pwobableman kapab depann prèske nèt sou gouvènman an pou li siviv. Li kapab depann de lajan gouvènman kòm asistans piblik oubyen li kapab rete nan yon enstitisyon pou yon pakèt tan pou li pran swen sou kont gouvènman an. Lè yon moun resevwa swen medikal ijans, oubyen swen woutin sa pa kapab fè yon moun tounen yon chay piblik.

**Kouman gouvènman an detèmine si yon moun se yon chay piblik?** Anplwaye nan Biwo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon (BCIS te rele INS lontan) ki resevwa aplikasyon pou rezidans pèmanan konsidere laj imigran an, sante li (sitiyasyon an parapò ak VIH), sitiyasyon fanmi li, ekonomi li, resous li, sitiyasyon finansye li, edikasyon li ak abilite li. Dwe genyen sèten sikonstans espesifik avan gouvènman an kapab deside yon moun se yon chay piblik, se sikonstans tankou andikap mantal oubyen fizik, laj avanse, oubyen lòt prèv ki kab montre gouvènman an ap oblije ba w sipò.

**Ki sèvis yo konsidere pou yo detèmine si yon moun se yon chay piblik?** Ou kapab itilize Medicaid, Child Health Plus (CHP), Family Health Plus (FHP), swen avan akouchman, lòt swen medikal ki pa koute chè tankou swen ijan, Food Stamps, manje lekòl, ak lòt kalite èd pou manje, lojman piblik, èd apre dezaz, sèvis pou okipe timoun, pwogram fòmasyon pou travay, fich tanspò, konpansasyon pou chomaj.

**Se sèl pitit gason mwen an nan fanmi an ki resevwa sipò sou fòm lajan, èske y ap konsidere m kòm yon chay piblik poutèt li resevwa benefis sa a?** Lè yon moun nan fanmi an resevwa sipò sou fòm lajan yo pa konsidere sa nan deside si lòt manm nan fanmi an se yon chay piblik, amwenke fanmi an konte sou lajan timoun lan resevwa a kòm sèl mwayen sipò yo.

**Ki sa sa vle di lè yon moun fè yon afidavi sipò?** Ou tounen sipò yon imigran lè ou fè yon afidavi sipò pou li. Jeneralman ou fè sa pou yon moun ki fanmi ou. Afida sipò (I-864) y ap itilize depi 1997 la se yon dokiman legal kote ou pwomèt pou ou sipòte yon imigran finisye man. Afidavi sipò yo te konn itilize avan desanm 1997 la pa gen valè legal ankò.

**Konbyen lajan m dwe ap fè pou m kapab sipòte yon fanmi mwen?** Moun k ap bay sipò a dwe pwouve li gen yon revni anyèl ki egal 125 pousan montan gouvènman federal la fikse kòm limit povrete. Limit povrete a baze sou kantite moun ki nan fanmi ou. Si ou pa fè ase lajan ou kapab jwenn yon lòt moun nan fanmi an ki fè ase lajan oubyen ki gen ase byen pou li kapab fè afidavi sipò a ansanm ak ou. Moun sa a dwe asepte pran responsablite legal pou moun l ap bay sipò ansanm ak ou a.

**Eske mwen kapab ranpli papyè pou m fè pitit mwen an antre oz Etazini si mwen resevwa Medicaid?** Menm si w ap resevwa benefis sa pa anpeche ou kòm sitwayen ameriken oubyen moun ki rezidan pèmanan legal pou ou ranpli aplikasyon pou fanmi ou. Men, pitit ou a kapab bezwen yon lòt moun ki pou ba l sipò si revni li pi ba pase 125 montan gouvènman federal la fikse kòm limit povrete.

**Eske mwen dwe sipòte yon fanmi si mwen fè aplikasyon pou li?** Afidavi sipò a I-864 se yon dokiman legal kote ou pwomèt pou ou sipòte yon fanmi. Pi devan, gouvènman an kapab kòmanse yon pratik kote li rele w lajistis pou ou peye depans sèten benefis fanmi ou an resevwa. Men, yo pap kapab trennen ou lajistis poutèt fanmi ou an itilize Medicaid ijans, WIC ak sèten lòt benefis.

**Ki sa espresyon “sponsor deeming” lan vle di?** Nan sèten pwogram, ajans lan ajoute revni pa w sou revni pa fanmi ou an pou yo kapab detèmine si ou elijib pou benefis yo. Yo kapab itilize pwosede sa a menm si moun ki te siyen pou li sipòte imigran an pap ba li èd. Se sèlman ak nouvo afidavi a (I-864) yo kapab aplike pwosede sa a epi yo kapab rele moun ki sipoze bay sipò a lajistis. Yo pa kapab fè sa ak afidavi yo te konn itilize avan desanm 1997 la.

**Pou konbyen tan m ap gen responsablite fanmi mwen pwomèt pou m bay sipò pou li a?**

Toutotan fanmi w lan pankò vin sitwayen ameriken; oubyen li pa kapab pwouve li travay 40 “trimès ki kalifye, oubyen madanm li/ mari li travay pou kantite sa a, oubyen paran li travay pou kantite sa a pandan li te pankò gen dizuit an; oubyen moun ki te pwomèt pou li ba li sipò a mouri.

**Mwen se yon refijye epi mwen vle aplike pou benefis piblik. Kouman sa kapab afekte mwen si mwen aplike pou mwen vini rezidan pèmanan legal?** Refijye ak moun yo bay azil kapab itilize nenpòt benefis piblik, tankou lajan wèlfè, swen sante, pwogram nouriti, ak lòt pwogram kote se pa lajan yo bay, san sa pa afekte posiblite yo pou yo vin rezidan pèmanan oubyen pou yo vin gen “kat vèt”.

**Eske m ap gen pou m remèt lajan benefis piblik yo ban mwen yo koute a?** Non. Ou pa gen pou ou remèt lajan sa a, esepite nan sèten ka si ou bay move enfòmasyon oubyen move dokiman pou ou kapab jwenn benefis yo. Men yon jou kon sa moun ki te pwomèt pou l ba w sipò a kapab oblije peye gouvènman an pou sèten benefis ou te resevwa.

**Mwen fè yon petisyon pou rezidans pèmanan legal sou lwa ki rele “Violence Against Women Act (VAWA) eske mwen kalifye pou benefis yo?** Fi ak timoun yo maltrete epi ki gen yon petisyon pou viza ki apwouve oubyen ki an kou paske mari yo/madanm yo, paran yo te aplike pou yo, oubyen paske yo te fè petisyon sou baz VAWA kalifye pou sèten benefis si genyen yon koneksyon ant move tretman an ak benefis yo.

**Mwen se yo moun ki pa gen otorizasyon pou mwen rete isit, eske mwen kapab resevwa swen medikal?** Wi. Si revni ou ba ase, ou kalifye pou ou resevwa Medicaid ijans. Timoun kalifye pou asirans eta Nouyòk ki rele Child Health Plus la kèlkanswa sityasyon yo parapò ak imigrasyon. Anpil lopital ak klinik genyen yon sistèm peman fleksib pou swen pi ka swen ijans pou moun ki gen yon revni ki ba kèlkanswa sityasyon yo parapò ak imigrasyon. Fi yo kalifye pou swen prenatal (PCAP), tankou tranche ak akouchman timoun lan, kèlkanswa sityasyon yo parapò ak imigrasyon.

**Mwen pè aplike pou sitwayènte paske mwen te resevwa benefis piblik. Ki sa mwen dwe fè?** Yo pa kapab refize ba w sitwayènte ameriken poutèt ou te resevwa benefis legalman, tankou lajan wèlfè, swen sante, pwogram manje, ak pwogram kote yo pa bay lajan kash. Dètèmine si yo moun se yon chay piblik pa gen rapò ak aplikasyon pou sitwayènte.

**Mwen te aplike pou manman mwen, epi li rante oz Etazini kòm yon rezidan pèmanan legal sa genyen yon ane. Eske li kalifye pou benefis piblik?** Nan eta Nouyòk, manman ou kalifye pou Medicaid, FHP epi li kapab kalifye pou pwogram sekirite. Yo kapab entèdi li pou li resevwa benefis nan sèten lòt pwogram tankou (SSI), epi kapab genyen lòt entèdiksyon. Regleman sa yo trè konplike, tanpri rele nimewo ki anwo a pou plis enfòmasyon.

*NYIC Kesyon sou imigran ak benefis piblik.*